

**PANGARUH MODÉL PANGAJARAN DUMASAR PROYÉK JEUNG  
BANTUAN MÉDIA DIORAMA NGEUNAAN HASIL DIAJAR SISWA  
DINA AJARAN IPA DI KELAS V SD**

**KIRANA FAHRISA**

**205060125**

**ABSTRAK**

Kasang tukang diayaken panalungtikan ieu nyaéta masih kénéh loba barudak atikan anu tacan ngahontal peunteun dina standar minimal, nyaéta 70. Hal ieu dumasar kana diajar nu museurna kana guru sarta kurangna karagaman modél pangajaran jeung média nu diterapkeun. Kurangna karagaman ieu mangaruhan maranehna jadi gancang bosen balukarna barudak atikan hésé pikeun diajar, antukna mangaruhan kana peunteun barudak atikan anu kacida leutikna. Tujuan panalungtikan ieu nyaéta pikeun mikanyaho pangaruh modél *Project Based Learning* dibantuan ku média diorama kana hasil diajar siswa pada muatan IPA kelas V SD Negeri 018 sukagalih. Panalungtikan ieu maké pendekatan kuantitatif sarta metodé panalungtikan ékspérimén tipe kuasi ékspérimén sareng desain panalungtikan nu dipaké nyaéta *Nonéquivallént Control Group Design*. Populasi dina panalungtikan ieu sakabéh barudak atikan kelas V SD Negeri 018 Sukagalih anu lobana nyaéta 56 urang, kalawan sampel dicokot ku téhnik *sampling jenuh* 56 siswa, diwangun ku dua kelas: kelas VA salaku grup kontrol sarta kelas VB salaku grup ékspérimén. Téhnik pengolahan data nu diayakeun diantarana ngagunakeun tés normalitas anu ditingali tina hasil tés *Shapiro-Wilk* kusabab sampel  $n < 50$ , tés homogénitas nu duanana kéngingkeun nilai signifikansi  $> 50$ , sarta uji *Paired Sample t-Test* nu dibantuan ku aplikasi SPSS versi 27. Mapon beubeunangan hasil uji analisis data kapanggih ayana uji hipotésis yén  $H_o > H_a$  nunjukkeun nilai signifikansi  $0,001 < 0,05$  ku kituna  $H_o$  ditolak sareng  $H_a$  ditarima, ku kituna bisa dicindekkeun ayana pangaruh nu signifikan dina panggunaan modél *Project Based Learning* berbantuan média diorama terhadap hasil belajar pada muatan IPA di kelas V SD Negeri 018 Sukagalih ditingali tina hasil *pretest* sarta *posttest*. Saterusna, dumasar tina hasil angkét, yén réspon barudak atikan kéngingkeun hasil saloba 89,29% hartina réspon barudak atikan nembongkeun réspon nu pohara positif pikeun nerapkeun media diorama dina materi rantai makanan sarta jaring-jaring makanan kelas V SD Negeri 018 Sukagalih.

**Kecap Panganteub:** Média diorama, model *Project Based Learning*, Muatan IPA, hasil belajar siswa.